# НУР

ISSN 0207-655I

9

2022

6+



Мы къыдэкIыгъуэр теухуаш КъБР-р илъэси 100 щрикъум







АБРОКЪУЭ Беллэ

# СИ НАЛШЫК

Iуащхьэнэку – гуэл куэщIу,
ФIыгъуэ жьэгу  мыкIуэщIу,
Зи щIыгулъ IэмыщIэр
МыщIэм пэсщI Налшык!
Уафэ нэз  жэщ жэщIыр
Нэхущ бзийм игъэнщIу,
Уи махуэщIэ  къэщIым
Мывэ къыщхьэщытщ.
Дыщэ пыIэ щыгуу,
Дыгъэ плъар и Iэгуу,
Нарт СосрыкъуапцIэ
Уи плъыр уэгурытщ.
Абы хуэплъэ щIэблэм
МафIэ я гум щыблэу,
Бланэхэр хагъащIэу
Хэкум щыпэрытщ!

Пшынэ Iэпэу  лъалъэм
КъакIуэр егъэлъапIэ,
КIуэжым гупымыкIыу
Уэ къыпхуегъэзэж.
Уи хабзэфIыр  фащэу,
ХьэщIэхэр уи напщIэу,
Си гущэкъу уэрэдыр
КъогъэщIэрэщIэж!
ЩIылъэм и дахапIэу,
НапIэм щIэлъ IэпапIэу,
ХьэтIохъущыкъуей хадэр
Уи псэм и курыхщ.
ГуащэIэпэм и мэр
Къызыпих уи гъатхэр
Сызыгъатхъэ гъащIэу –
Сыуищхьэузыхьщ!




# Ди къалащхьэ дахэм илъэс 300 и ныбжьщ

*Ди цІыхухэр гуапэщ, ди хьэуар къабзэщ, щхъуантІагъэр гурыхьщ, ди шхыныгъуэ Іэфlхэм я хъыбархэр зэlэпахыурэ зэ Налшык щыхьэщlам аргуэру къытрегъэзэж. Аращ ар цlэрыlуэ щlэхъуар. Ди къалащхьэм щопсэу КъБР-м ис цlыхухэм я 33%-р. Лъэпкъи 100-м щlигъум къахэкla цlыхухэр, зыщыщ лъэпкъми зэрахьэ динми емылъытауэ, зэгурыlуэ-зэдэlуэжу зэдопсэу.*

Пщыхэм я псэупlэу щыта мы щlыпlэр 1921 гъэм къалэ, 1936 гъэм къалащхьэ хъуащ. Фэ, дауи, гу лъыфтащ ди къалэкум дэт вокзалым и гупэ къит танкым. Ар и щыхьэтщ абдеж зауэ гуащlэ зэрыщекlуэкlам. Ди Налшык дахэ бийр къытеуауэ щытащ Хэку зауэшхуэм и зэманым *(1941–1945 гъгъ.)*. Абы налшык-дэсу 9000-м щlигъу хэкlуэдащ. Ди хэкур бийм къаlэщlэзыхыжа лlыхъужьхэу налшыкдэс цlыхуи 8-м къыхуагъэфэщащ «Совет Союзым и Лlыхъужь» цlэ лъапlэр, цlыху 10 000-м щlигъум – дамыгъэ лъапlэхэр. А хахуагъэм къыпэкlуащ фlыщlэ: 1985 гъэм Налшык къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэ орденым и 1-нэ нагъыщэр, 2010 гъэм – «Дзэ щlыхьым и къалэ» цlэ лъапlэр.

Налшык дэтщ дунейпсо мыхьэнэ зиlэ аэропорт, гъущl гъуэгу станц ин, Долинск щхъуантlэм и деж узыншагъэм щеlэзэ lуэхущlапlэу 25-рэ *(щlыуэ га 360-рэ еубыд)*. Абыхэм я деж илъэс къэс къокlуалlэ Урысейм и щlыналъэ псоми къикl сабий минхэр, хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм я щlэблэр. А цlыкlухэм ди псэукlэр ирагъэлъагъу, адыгэ хабзэр зэхрагъащlэ.

Нобэ ди Налшык Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупlэ къалэхэм я нэхъыфl дыдэщ. Флъагъу сурэтхэр абы щыхьэт тохъуэ.

Ди Налшык зыгъэбжьыфlэн, ар зэрыгушхуэн щlэблэ фэри тхьэм фытхуищl!

***НЭЩlЭПЫДЖЭ Замирэ***



# ЛӀЭЩӀЫГЪУЭ ГЪУЭГУАНЭ

*Мы гъэм ди республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 ирокъу. АтӀэ сыт къыдэхъулӀа а пӀалъэм? Дахэплъэнти дэфтэрхэм *.*

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр къыщыунэхуа япэ илъэсиплӀыр *(1922–1925 гъэгъ.)* зы лӀэщӀыгъуэ псо ирикъуу къыпщохъу, гур хегъахъуэ.

Мы зэманым кърихубыдэу зеужь щӀэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, литературэм, хабзэхъумэ ӀэнатӀэм. 1922 гъэм къоунэху мэкъумэш ӀэщӀагъэхэм я техникум, прокуратурэ, парт школ, еджапӀэ къалэ цӀыкӀу *(ЛУГ),* педтехникум, зыгъэпсэхупӀэ *(цӀыхуи 100 щӀэхуэу).*

- 1923 гъэм адыгэбзэкӀэ япэу тхылъ къыдокӀ; адыгэ, балъкъэр лъэпкъитӀым я тхыбзэхэр убзыхуа мэхъу. Спорт зызыужьыр пожажьэ япэу зэхыхьэ зэхьэзэхуэхэм.

- 30 гъэхэм ди лэжьакӀуэфӀхэр зыпэрыт Ӏуэхухэр йофӀакӀуэ, ахэр къэрал утыку йохьэ. 1934 гъэм япэ дыдэу Ленин и орденыр зратахэм дащыщщ. Ди Ӏэщыхъуэхэм, гъавэм елэжьхэм ар я ехъулӀэныгъэ нэрылъагъут. ЦӀыху мин 17,7-м щӀигъур лэжьыгъэм щыпашэт. 1937 гъэм мэкъумэш ӀэнатӀэм щехъулӀэу цӀыху 28-м Ленин и цӀэкӀэ щыӀэ орденыр къыхуагъэфэщащ.

- ЦӀыкӀухэ, фэ фщӀэн хуей защӀэщ зи гугъу тщӀыр. Республикэр а зэманым иригушхуэрт Тырныауз и вольфрам-молибден комбинатым. Фи нэгу къыщӀэвгъэхьэт абы и инагъыр: цӀыху мини 6500-рэ щылажьэрт, къыщӀигъэкӀ хьэпшыпхэр Ӏуэхущӏапӏэ мини 10000 нэблагъэм хурагъашэрт. Абы и закъуэ?

- 1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р яутӀыпщ, абы икӀыу, Псыхуабэрэ Мэшыкъуэрэ токыр яӀэрохьэ, Псыхуабэрэ Минводрэ электромафӀэгукӀэ зэпащӀэ.

- 40 гъэхэм ди щӀыналъэм къихьа бийм фабрикэхэр, заводхэр, школхэр, щэнхабзэ ӀуэхущӀапӀэхэр, псэупӀэ унэхэр зэтракъутащ, ди цӀыхубэ хозяйствэм сом мелардитӀым щӀигъу и уасэ хэщӀыныгъэу къыхуахьащ. Ар гуэзэвэгъуэшхуэт.

- 1946–1950 гъэхэм вольфрам-молибден къыщӀэхыпӀэр, Налшык дэт Машинэухуэ заводышхуэр, Бахъсэн ГЭС-р, – къэрал псор зыхуэныкъуэ ӀуэхущӀапӀэхэр зэфӀагъэувэжащ, пхъэм, ерыскъыхэкӀхэм щелэжь ӀэнатӀэщӀэхэр къэунэхуащ.

- 50 гъэхэм икухэм «Цветметприбор» *(СКЭП),* «Кавказкабель», «Севкаврентген», бетон заводхэр, вакъэ фабрикэр къызэӀуах, Тырныауз и вольт Ӏэмэпсымэ комбинатыр ирагъэфӀакӀуэ. Ди хьэпшыпхэр хамэ къэрал пщыкӀутхум ирагъашэу хуожьэ икӀи 1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым етӀуанэу къыхуагъэфащэ Ленин и орден лъапӀэр.

- 60 гъэхэм «Искож» комбинатым зеужь. Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр къэралым и щӀытӀ къыщӀэхыпӀэ нэхъыщхьэхэм

* *Дэфтэр* – документ.

ящыщ мэхъу. ХъугъуэфIыгъуэ къыщIэхыпIэщIэу 18 геологхэм къахутэ. Иджы республикэм щолажьэ министерствэхэр. Ухуэныгъэм гульытэ егъуэт. Ди къалэхэм гъущIбетон, псэуалъапхъэ щагъэхьэзыр, заводхэр *(ЗЖБИ)* щаухуэ. Ди лэжьакIуэфIхэм я зэфIэкIым дамыгъэ лъапIэхэр къапокIуэ. Мэкъумэш IэнатIэхэмкIэ ди республикэр къэралым щынэхъ пашэщ. Арщыдан колхозхэтхэм я зэфIэкIым къэрал псор щыгъуазэт!

А илъэсхэм къэралым и Бэракъ Плъыжь зэIэпахыр, саугъэт лъапIэхэр ди мэкъумэшыщIэхэмрэ Iэщыхъуэхэмрэ блэнейрэ къыхуагъэфэщащ, цIыху 650-м къэрал дамыгъэ къратащ.

● 60-70 гъэхэм щэнхабзэм зеужь. Зэчий зыдалъагъу ныбжьыщIэхэр къагъуэт, къыхаш, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хурагъаджэ. *(А Iуэху бгъэдыхьэкIэр сыт зэманми къэгъэсэбэпын хуейт! Абы и фIыщIэкIэ ди Культпросвет еджапIэр япэу къэзыухахэм дунейм цIэрыIуэ щыхъуа куэд къахэкIащ.)* Композиторхэм я зэгухьэри къудамэ нэхъ инхэм ящыщу къоунэху *(17 хэтщ)*. «Кабардинкэ» къэрал къэфакIуэ гупыр утыку къохьэ.

● 1971 гъэм ди лъахэм дамыгъэ ещанэр – Октябрь Революцэм и орденыр – къыхуагъэфащэ. А зэманым ирихьэлIэу ди ныпым иджыри зы дамыгъэ къытехутащ – Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и орденыр.

● *80 гъэхэр къэралым и гугъугъуэ пIалъэт... Совет СоюзкIэ зэджэ къэралышхуэу республикэ 15 зыхэтар мэщэщэж. «Узэкъуэтмэ – улъэщщ, узэкъуэхумэ – уощащэ». А псом Совет Союзым и лъэр щIеудри, мэкъутэж, гъащIэм и IэнатIэ псоми хэщIыныгъэхэр ягъуэт, щытыкIэ гугъу йохуэ.*

● 1991 гъэм ди щIыналъэм Iэмал егъуэт щхьэхуиту адэкIэ зиужьыну, адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр къэралыбзэу ди щIыпIэм щызекIуэну.

● 1997 гъэм ди хэку цIыкIум зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщохъу. Экономикэм зеужь, акционер, фермер, щхьэзакъуэ IэнатIэхэр къызэIуах, унейуэ ягъэлажьэу щIадзэ. Экономикэр лъэ быдэкIэ увыным сэбэп хуэхъуа лъэбакъуэ куэд ячащ а лъэхъэнэм. ЦIыхубэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр къоуш, щэнхабзэ зэгухьэхэр, хасэхэр къызэрагъэпэщ. Ар интеллигенцэм и пщэ къыдохуэ. Абыхэм куэдкIэ я фIыгъэщ лъэпкъыбзэр, хабзэр, тхыдэр джыным, хъумэным цIыхухэм гульытэ зэрыхуащIыр.

Сыт хуэдэ гугъуехь хэмыхуами, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ гъуэгуанэ дахэ къызэдакIуащ, щылъэпэрэпаи, щехъулIаи щыIэу.

● XXI-нэ лIэщIыгъуэм ди республикэр мэгугъэ зыужьыныгъэ дгъуэтыну. Ди цIыхухэр зэчиифIэщ, лэжьакIуэшхуэхэщ, дэнэ щIыпIэ щыIэми зыхэтым къахощ.

*Фызыдэплъеин фиIэщ, цIыкIухэ, дяпэкIэ ди республикэр зыщыгугъыр фэращи, тхьэм фригъэхъулIэ!*

***НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ***



# Совет Союзым и Лыхъужьхэр

*(«Нур» № 5, 2020 гъ.)*



**ЯХЭГУАУЭ Михаил**



**КЪАНКЪУЭЩ Ахьмэдхъан**



**ТАМБИЙ Владимир**



**КЪАРДЭН Къэбард**



**ИУАН Хьэсэн**



**МЭСЕЙ Аслъэнджэрий**



**КЪУЭНЫКЪУЕЙ Назир**



**МУСЭ Менлы**



**КЪАРДЭН Къубатий**


ЗэгурыӀуэныгъэм и ут


Вагъуэ мывэ


Театр ЩхьуантӀэ

Жып псалъалъэ

## ДИ КЪАЛАЩХЬЭР

# Ди олимп лІыхъужьхэр




**Ахэмын (Соколовская) Еленэ.** 1980 гъ., Мэзкуу, цӀыхубз волейбол.



**Ласицкене (Кучинэ) Марие.** 2020 гъ., Токио, лъагэу дэлъейнымкӀэ.



**Къардэн Мурат.** 2000 гъ., Сидней, алыдж-урым бэнэкӀэ.



**Мудрэн Беслъэн.** 2016 гъ., Рио-де-Жанейрэ, дзюдо.




**Махуэ Билал.** 2012 гъ., Лондон, бэнэкӀэ хуит.



**Шыхъуэ Борис.** 1972 гъ., Мюнхен, лъакъуэрыгъажэ.



**Рогожин Сергей.** 1980 гъ., Мэзкуу, шыгъажэ.



**Хъущт Аслъэнбэч.** 2008 гъ., Пекин, алыдж-урым бэнэкӀэ.

*ИСТЕПАН Залинэ*













ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий

# Налшык

Мывэшхуэр и лъэгущи
ЗеIуантIэр утхэжу,
БгъуэщIитIым и жыгхэр
Тожьауэ абджыфэм.

Уэсыбгым и псынэм
Салъкъыныр къыпхехур,
Пшэху цIыкIухэр уи дежым
IэфIыпсу щопсэхур.

Гъэмахуэщ, ткIуэпс щIыIэр
Теутхэ а цIыкIухэм,
Дожейхэр а цIыкIухэр
Уи бзухэм я усэм.

Къуэшыхьыр уи кхъуафэщ,
IуфитIыр пщIащэбэщ,
Уи щIыфэм и теплъэр
Сабынуэ тхъурымбэщ.

Сыт кIытэу уэ пхэлъыр, –
Псы быбхэр къыщIэпщыр?
ХьэщIэбэу бгъэджэгухэм
Сыт фадэу хафыкIыр?

КъызжыIэт уи щэхур,
Си тIасэу псэ гуапэ,
Уэ пхэлъыр зищIысыр –
Удыгъэу, нэфIэщIу.

Уэ пхуэдэ псы хьэхукъэ
Зи ныбэм укъиижыр,
Мыл жауэ зи ткIуэпскIэ
Псы нэхур узыщIыр?

Уи бгъуэщIым щыхохъуэр
Си хэкум и гупсэр,
Насыпыр абыхэм
ЯщIыгъуу щIоIэтэр.

Епэрыр уи мэзхэм
Акъужьым къыхехыр,
ХьэщIакIуэ пхуэкIуахэм
Бзум усэр пхуагъэпсыр.

ПIалъэншэу жеиныр,
КъыщыскIэ си дежым,
СхуегъэщIыт сэ си пIэр
Уи бгъуэщIым и нэпкъым.



Комсомолхэм я фэеплъ (БжэIумых Хь.)



ЗэгуэкIуахэм я чэщанэ





ШыгъэжапIэ



Гуэлхэм ящыщ зы

КЪАГЪЫРМЭС Борис

## СИ КЪЭБЭРДЕЙ

Си бгъэм сигу зэрилъым хуэдэу,
Уилъщ уэ си гум, Къэбэрдей.
Лъыуэ сщIэтыр зезыгъакIуэр
Уэрщ, си лъахэ, си дуней.

Уэ узиIэу щымытамэ,
Куэд си гъащIэм хущыщIэнт.
УсIахамэ – псы гъужауэ,
Гъуэгу бгынауэ сыкъэнэнт.

Сыт ухыгъэу симыIами –
ФIы ирехъу, ирехъу ар Iей,
Насып си бэу сэ слъытэнущ,
УищI сытетмэ, Къэбэрдей.

Уэрщ си къуэпсхэм я къежьапIэр,
Жыгыу уи щIым сыкъыщокI.
Уэ угуфIэм – сэ согъагъэ,
Унэщхъейм – лъэкIын лIым слъокI.

Уи хьэуакIэ сымыбауэм,
СщIэуэ сохъур бауэкIэщI.
НэгъуэщI хэку сэ нэху щызгъэщым,
СызэпщIыхьыр уэрщ, адэщI.

ЩIыпIэу щыIэм сахэгъадэ,
КъэзгъэкIуэхь мы дищI хъурейр –
Анэ бгъафэу, захуэздзынущ
Сэ уи къуршхэм, Къэбэрдей!

ЩОМАХУЭ Амырхъан

## НАЛШЫК КЪАЛЭ

Щытщ ди къалэр щхъуантIэ защIэу
Къыщхьэщыту бгыхэр лъагэу.
И уэрамхэр шэщIащ занщIэу
Унэ тетхэм урипагэу.

ЛъэныкъуитIкIи щыт IэплIакIуэ
Жыгхэм къалэр дощIэращIэ.
Удз гъэгъахэм я мэ гуакIуэр
IэфIыу уигукIэ зэхыбощIэ.

Площадь иным тещIыхьауэ
Тетщ Марие и фэеплъыр.
Ныбжьэгъугъэр къытхуихьауэ,
ФIым и джакIуэу хэти къеплъыр.


Абхъаз ут (Щрым Р.)


«Хъыринэ къалэ»


Лермонтов и фэеплъ (ГъущIапщэ А.)


Зоопарк

# IУАЩХЬЭ МАХУЭМ И ХЪЫБАР

*(IуэрыIуатэ)*

Дунейр псыдзэкIэ зэрыкъутэжынур бегъымбар Нухь къыщищIэм, абы кхъухьышхуэ иригъэщIри псэущхьэу щыIэм ящыщу тIурытI *(хъурэ бзырэ)* абы иригъэтIысхьащ. Ахэр къригъэлмэ, заужьыжынут мыкIуэдыжу. Псыдзэр къыдэкIуей зэпытт, дунейр хы абрагъуэм щIиуфат! Кхъухьыр чымпэ цIыкIум хуэдэу толъкъунхэм зэрадзэрти, ар уфэрэкIмэ – исым щыщу зы псэущхьи къелынутэкъым. Нухь плъэри къилъэгъуащ дунейр зэщIэзыщта хы абрагъуэм къыхэпIиикIыу зы Iуащхьэ папцIэ, икIи гуфIауэ а щIы тIэкIум хуиунэтIащ. Кхъухьым Iуащхьэр дитхъури дэуващ, е тхьэ IэмыркIэ ар тIууэ зэгуэкIа? Абы псыдзэ къыпэлъэщыжынт?! А Iуащхьэращ псыдзэм зэридзэ кхъухьыр мыуфэрэкIыу къэзыгъэнар, псэущхьэу исри къезыгъэлар! Псыр хуэмурэ етIысэхыжри, псэущхьэхэри щIым къытехьэжащ.

Дэплъеймэ, ягъэщIагъуэу а Iуащхьэр лъагащэт, кхъухьым зэгуигъэзар абы и щыгурауэ къыщIэкIащ! Аращ «Iуащхьэмахуэ» щIыфIащар дунейм псэущхьэу тетыр къызытехъукIыжахэр къезыгъэлам.

*«Махуэ» псалъэм фIы, нэхугъэ, угъурлыгъэ къикIыу ди адыгэбзэм къегъэсэбэп.*

*Алыдж хъыбарыжьхэм феджэж. Прометей лIыхъужьым теухуар, ди нарт хъыбархэм хэт Насрэн ЖьакIэ иращIар, «Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьыжа» пшыналъэхэр зэвгъапщэ. Абыхэм нэмыщIкIэ, Iуащхьэмахуэ теухуа хъыбар фщIэмэ, къытхуевгъэхь.*

Зытхыжар **АБРОКЪУЭ Беллэщ**

# НАСЫП IУАЩХЬЭ

ЗыплъыхьакIуэ нэхъыбэ дыдэ къытхуэзышэр дуней псом и Iуащхьэ нэхъ лъагэ дыдэхэм ящыщ ди Iуащхьэмахуэщ. Абы и уэс щыгум и дахэгъуэри, и жьакIэхум и щабэгъуэри, хьэщIэ кIуапIэ дыдэ ар щыхъури – щIымахуэращ. Iуащхьэмахуэ лъапэ и деж хьэщIэщу, зыгъэпсэхупIэ базэу, пансионату, альплагеру 30 щыIэщ, цIыху 3000 щIэхуэну. Бгылыжэ къежэхыпIэу тIу иIэщ *(35 км)*. Чегет икIыу докI бгы кIапсэ гъуэгухэр *(км 12-кIэ)*. Ди курортхэр йофIакIуэ, хьэщIэщхэм къахохъуэ, туристхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. ДяпэкIэ-щэ? «Ростуризмым» щIыгъуу модульнэ хьэщIэщхэр къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

А насып Iуащхьэм дыкъихъумэу жаIэ нэхъыжьхэм.

# ХЬЭТIОХЪУЩЫКЪУЕЙ ХАДЭР ДИ ЖЭНЭТ ЛЪАХЭМ И КУПСЭЩ

*(«Нур» № 7, 2018-м хадэм и схемэр,*
*къыщыкI жыгхэмрэ гъурцхэмрэ тетщ.)*

Хадэм и инагъыр: гектар 205-рэ, къэкIыгъэхэм яубыд щIыпIэр *(ухуэныгъэхэр хэмыту)*: гектар 194-рэ, жыгыу – 33 304, гъурцу – 15 650 къыщокI. Хадэм кIуэцIрыкI лъагъуэ нэхъыщхьэм метр 1400 и кIыхьагъщ, метрибгъу и бгъуагъщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг лIэужьыгъуэу къыщыкIым я Iыхьэ щанэр Хьэтlохъущыкъуей хадэм итщ

## ЖЫГ ХАДЭМ И ТХЫДЭР

ЩIэныгъэлIхэм жаIэращ: «Хадэр здэщыIэ щIыпIэм щыкуэдщ Iуащхьэхэр. Ар щыхьэт зытехъуэр ди цивилизацэм ипэкIэ абдеж цIыху зэрыщыпсэуарщ».

1822 гъэм Налшык псыхъуэ и сэмэгурабгъу тафэм къалэ щаухуэ. Мэз гуэрэныр пхъэщхьэмыщхьэ хадэ хъуурэ хуожьэ. Щыр ягъэкъабзэ, жыгIэрысэхэр хасэ, кIэлъоплъ.

1870 гъэм **ХьэтIохъущокъуэ Хьэтlохъущыкъуэ** пщы цIэрыIуэм жыг хадэм кIэлъыплъын щIедзэ, псыIэрышэ, бжьамийхэр кърешалIэ. Адыгэр зыхуэIэзэ жыггъэкIIэмалхэр къигъэсэбэпурэ жыг хадэр егъэдахэ. Абы езым и дыщэ ахъшэ щIитурэ хамэ къэралхэм жыгыфIхэр къреш *(Австрием, Норвегием, Данием н.къ.)*.

1920–1940 гъэхэм **Къалмыкъ БетIал** хадэм жыгыщIэхэр хрегъасэ, ди жылагъуэхэм къраshыурэ.

2007 гъэм ХьэтIохъущокъуэпщым и и цIэр фIащыж Налшык паркым.

***«Нур»***

## ГУ ЛЪЫФТЭ

60 гъэхэм къуалэбзу лIэужьыгъуи 159-рэ диIащ, иджыпсту абыхэм я бжыгъэр 49-м нэс къехащ.

2017-р – щIыуэпсыр хъумэным и гъэт. Абы ирихьэлIэу, КъБР-м щыпсэу псэущхьэ лIэужьыгъуэу 372 тхылъ Плъыжьым ихуащ *(«Нур» № 3, 2017 гъ.)*.

Жыг хадэм удз гъэгъа лIэужьыгъуэу 100–200 нэблагъэ къыщокI. *(Ди щIыналъэм и жыг, гъурц лъэпкъ 55-м нэмыщI, мы хадэм итщ Америкэм къикIа жыг лъэпкъ 25-рэ, Европэм къраша жыг лъэпкъ 17, Японием, Чынтым, Кореем къраха жыг лIэужьыгъуэ 15, Азием щыкI жыг лIэужьыгъуэ 17.*

*(70 гъэхэм а хадэм ущрихьэлIэрт кхъуэ пIащэ, мэз бжэн, бажэ, тхьэкIумэкIыхь, къилъатэрт шылэджэдхэмрэ мэзджэдхэмрэ.)*

Иужьрей илъэсхэм ХьэтIохъущыкъуей хадэм жыг мини 8 щыхасащ.

Ди къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэм ямыIэу Налшык къыщыкI псей къащхъуэхэри ди паркым и дахапIэщ!

***КЪЭБАРТ Мирэ***



# УАФЭР И ПЛЪАПІЭТ

*ЦІыкІухэ, нобэ фэдгъэщІыхуну лІыхъужьым и цІэр дыщэпскІэ ди тхыдэм хатхащ. Ар гъащІэм и лъэныкъуэ куэдым пашэу щыщытащ. Кхъухьлъатэзехуэ ахъырзэмант, журналист цІэрыІуэт, тхакІуэ Іэзэт! Пэжщ, а псор зы цІыхум хэлъащ. Девгъэгупсысыт, ди щІэджыкІакІуэ Іущ цІыкІухэ: абы и сабиигъуэ хъуэпсапІэхэр нэхуапІэ имыщІауэ пІэрэт? Фэ псоми уафэракъэ фи плъапІэр? АтІэ, ди лІыхъужьри арат! Куэдрэ уафэм уиплъэмэ, къарурэ гупсысэ бзыгъэрэ къыуиту къыщІэкІынущ. Лыгъэ хэлъу, акъылыфІэу, гурыхуэу, пэжым тету псыхьа хъуащ **ХЬЭЖЫ Исмэхьил** и хьэл-щэныр.*

## САБИИГЪУЭ...

Хьэжы Исмэхьил 1921 гъэм Малкэ *(Хьэжыхьэблэ)* къуажэм къыщалъхуащ. Ауэ ар къыщыхъуар Къэрэшей-Шэрджэсырщ. Исмэхьил и сабиигъуэр щыкІуащ и анэш къуажэм – Дударыкъуей *(Псыжь)*. Уафэр, къуршхэр, хъупІэхэр, тафэхэр фІыуэ илъагъурт. ЩІыуэпсым ипсыхьурэ къыдэкІуэтеящ щІалэр. Чкалов и цІэр зезыхьэ ЕтІуанэ авиацэ еджапІэм щІэтІысхьэри, ар къиуха нэужь, махуэ бжыгъэ нэхъ дэмыкІыу, Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

## ЗАУЭМ ЛІЫХЪУЖЬЫР КЪЫХОЩ

«Іэщэ сІэщІэлъу си Хэкум сыкъыщхьэщыжынущ!» – жиІэри, Исмэхьил дэкІащ зауэм. Ар, дауи, псэзэпылъхьэпІэщ, гъэунэхупІэщ, лІыгъэщІапІэщ! КъикІуэтакъым ди лІыхъужьыр! Ар зэщІаІыгъэрт хэку лъагъуныгъэм, щІэблэм и къэкІуэнум теухуа гупсысэхэм! Исмэхьил штурман *(бийм ебгъэрыкІуэ зауэлІ)* хъуащ. 1943 гъэм Псыжь Іуфэ и деж щекІуэкІащ уа-

фэгу зэхэуэ гуащIэ дыдэ. Абы хэта ди кхъухьлъатэзехуэ хъыжьэхэм ящыщт Хьэжы Исмэхьил. Абдеж ди щIалэм къыщигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ и бгъэгум къыхалъхьащ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Хьэжыр зи пашэ уафэгу зауэлIхэм нэмыцэхэм я танкибгъу къагъэуащ. Абы щыгъуэ ди лIыхъужьыр езыр ерагъыу къелауэ арат: абы и кхъухьлъатэм мафIэ къыщIэнэри, парашюткIэ къелъат. УIэгъэхэр телъ пэтми, абы щыгъуи бийм къаIэщIэкIыну къару къызыкъуихащ. Хэку зауэшхуэм и етIуанэ дамыгъэр зытет орденри къратащ.

Кхъухьлъатэзехуэм и хахуагъэм иджыри и зы щапхъэ: 1945 гъэм, накъыгъэм и 7-м ди лIыхъужьым и кхъухьлъатэр бийм къриудыхат. Штурман Хьэжымрэ командир **Шероноврэ** гъэрыпIэм ихуат. А тIум гъэрхэр зэуIу ящIри, нэмыцэIуэр езыхэм яубыдащ, Армэ Плъыжьыр къэсыхуи я пIэ ирагъэкIакъым. Лейтенант нэхъыжь Хьэжы Исмэхьил «Дамыгъэ Плъыжь» орденыр къыхуагъэфэщащ.

Хьэжы Исмэхьил Хэку зауэшхуэм хэтыху 54-рэ кхъухьлъатэкIэ лъатэурэ, уэгум щапэщIэтащ ди бийм.

## «ГИНТАРАС» – «МЭЗЫШМЫВЭ»

Зауэ нэужьым Хьэжым къиухащ Ставрополь пединститутымрэ парт школ нэхъыщхьэмрэ. Къэрэшей-Шэрджэсым щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым и унафэщIу куэдрэ лэжьащ. Иужьым, тхылъ тедзапIэм и унафэщIуи щытащ. ЩIэныгъэмрэ лъэпкъ литературэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ абы. Езым и хъэтI иIэжт, и Iэдакъэщ1экIхэм еджэгъуафIэт, тхакIуэфIт икIи журналист Iэзэт. Хьэжым къыдигъэкIащ «Гинтарас» зыфIища тхылъыр. «Сыт атIэ «Гинтарас» жиIэмэ къикIыр?» – жыфIэнущ фэ, дауи. Ар литвам я бзэкIэ – «мэзышмывэщ» *(янтарь)*. «Сэ а щIыпIэхэм сыщызэуащ. Ар сэркIэ лъапIэщ», – жиIащ тхакIуэм. Зауэ губгъуэм лIыхъужьу ита тхакIуэм наIуэу, IупщIу итхыжащ и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэхэр. ЦIыхугухэм зэхригъэщIащ абы зауэ псэзэпылъхьэпIэр зыхуэдэр. ЛIыгъэм, зауэлI гъащIэм, Хэку лъагъуныгъэм цIыхупсэр зэриузэщIым теухуащ Хьэжым и гукъэкIыж тхыгъэхэр. Абы хэт цIыху хахуэхэр щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ ялъагъу, щапхъэ яхуохъу. Ари тхакIуэм и лIыхъужьыгъэщ!

## «УЭГУМ ГУР ЩОПСЭХУ!»

ЛъагапIэр и псэм хэлът Хьэжы Исмэхьил. Уафэгу итыныр IэщIагъэ щIыхуэхъуари, мамыр гъащIэм абы и плъапIэу щытари, цIыхугъэ нэсым и лъагапIэм ар хуэкIуэу, къыдэплъейхэр зыхуигъаплъэу и тхыгъэхэм «щIэбзэ» яхуэхъуари а лъагапIэрат! И гъащIэр иухыху уафэм и псэр щыхуарзэу, и гъащIэр абы пыщIауэ щытащ Исмэхьил. Кхъухьлъатэ макъ зэхихакъэ, щхьэгъубжэм Iухьэнти, уэгум иплъэнт. Куэдым и гур жэрт а дакъикъэхэм: сабиигъуэ хъуапсапIэм, щIалэгъуэм, зауэм, текIуэныгъэм.

***ГУГЪУЭТ Заремэ.***

*Шэмпар ХьэIишэт и тхыгъэ къэдгъэсэбэпащ.*

# ДИ ЩЫПІЭМ И ДАХАПІЭ



Къармэхьэблэ псыхъуэ



Шэдхъурей



Парадром (Шэджэм)



Псы хущхъуэ (Аушыджэр)



КIапсэ гъуэгу (Чегет)



Гуэл ЩхъуантIэ



Шэджэм псыкъелъэхэр



Джэдмыщх










# «СИ ХЭКУ – СИ УЭРЭД»

Адыгэ уэрэдыжьхэр зэхуэхьэсыным, ахэр джыным, гъэзэщIэным, хъумэным телэжьа щIэныгъэлI щэджащэ **Къардэнгъущl Зырамыку** и цIэкIэ адыгэ уэрэдыжьым и сабий фестиваль мы гъэм япэу ирагъэкIуэкIащ. Ар щекIуэкIар адыгэ драмэ театрырщ. Пшыхьыр къыщызэIуахым КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** мыр жиIащ: «Дэ ди мурадщ дяпэкIи мы Iуэхуфlым къыпытщэну, сыту жыпIэмэ, щIэблэм лъэпкъым къыдекIуэкI уэрэдыжьхэр зыхащIэу, ахэр дзапэ уэрэду яIурылъу, абы къыщIэдгъэтаджэу дгъэсэныр ди къалэнщ. Ди IуэрыIуатэм и фIыгъуэр зыхъумэжынур ахэрщ!».

Пшыхьым кърихьэлIащ ди жылагъуэхэм къикIа сабий макъыфIэ-зэчиифIэхэр, уэрэджыIакIуэ гупхэр. Къардэнгъущl Зырамыку и макъ къэIуамэ, цIыхур зэщIотаджэ. Абы и къару къихьар зыхуэдэм ухэзыгъаплъэ лэжьыгъэфIхэр щагъэлъэгъуащ адыгэ драмэ театрым.

*ХЪУЭЖЭ Жан*

# КАВКАЗЫМ И ДАХАГЪЭМ ИУЗЭЩІА УСАКІУЭШХУЭ, СУРЭТЫЩІ

**ЛЕРМОНТОВ Михаил** илъэситху хъууэ Кавказыр япэ дыдэу и анэшхуэм иригъэлъэгъуат. Сабийуэ абы щэнейрэ къытригъэзащ и гур зыхьэхуа ди щІыпІэм. Абы и дахагъэр, бгырысхэм я гуапагъэр зэи игу ихуакъым, – сурэт тритхыкІащ, хуэусащ. Балигъ хъуауэ къыщагъэкІуами ди щІыпІэм игу хигъахъуэу щылэжьащ. Лермонтов и ІэдакъэщІэкІхэм ящыщщ поэмэ «Черкесы» *(1828 гъ.)*, «Кавказский пленник» *(1828 гъ.)*, «Хаджи Абрек» *(1833–1834 гъэгъ.)*, усэ цІэрыІуэ «Кавказыр» *(1830 гъ.)*.1839 гъэм абы итхащ «Мцыри» поэмэр, 1838–1840 гъэхэм «Герой нашего времени» романыр. Ахэр къыхитхыкІащ Кавказым кърита гукъэкІыжхэм. УсакІуэм и псэр щыпсэхужари ди щІыпІэрщ.

СурэтыщІ Іэзэу щыта урыс усакІуэшхуэм иІэщ Кавказым теухуауэ лэжьыгъэ зыбжанэ. Абы ящыщщ мыр, Мцхет пэмыжыжьэу куржым кІуэ гъуэгум трищІыкІар.

***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ***






*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
***«НУР»***

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 9 2022 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

**Главный редактор**
*Б. М. АБРОКОВА*

**Художественный редактор**
*М. ХАЛИЛОВА*

**Редактор**
*М. КАМБОТОВА*

**Компьютерная вёрстка**
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

**Корректор**
*Ф. КАШИРГОВА*

**Редакционный совет:**
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125
от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
02.09. 2022 г.
Выход в свет 28.09. 2022 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak.
DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1320 экз.
Заказ №1840
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.;
за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600,
Ставропольский край,
г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.